



Enfòmasyon sou Fòm POA-1, *Pwokirasyon*

Pou yon moun ka reprezante yon kontribiyab epi aji onon kontribiyab la pou nenpòt kesyon ki enplike Depatman Taks nan Eta Nouyòk (New York State Tax Department), moun lan oswa kontribiyab la dwe bay depatman an yon Power of Attorney (POA, Pwokirasyon) ki ranpli kòrèkteman.

Moun ki nonmen kòm reprezantan an gendwa angaje kontribiyab la oswa pran obligasyon pou li, e fè tout aksyon ki gen rapò ak zafè taks ki site sou POA a, tankou, men se pa sa yo sèlman:

- resevwa enfòmasyon konfidansyèl konsènan taks kontribiyab la
- konsanti pou pwolonje tan pou evalye oswa detèmine taks li dwe nan yon verifikasyon
- dakò pou yon ajisteman taks
- siyen deklarasyon taks si li otorize espesyalman pou sa

Yon POA **pa** obligatwa pou reprezantan yon moun ka:

- prepare yon deklarasyon oswa yon rapò taks pou yon kontribiyab
- bay Depatman Taks enfòmasyon pou yon kontribiyab
- prezante ak yon kontribiyab oswa ak yon moun ki otorize aji onon yon kontribiyab

Yon kontribiyab pa ka nonmen yon konpayi oswa yon kabinè pou reprezante li, men li gendwa nonmen moun ki nan yon konpayi oswa yon kabinè espesyalman.

Lè w sèvi avèk Fòm POA-1 Depatman an, ou pral ban nou tout enfòmasyon nou bezwen yo.

Fòm POA-1 se espesyalman pou zafè taks ki site sou pwokirasyon an. Aleksepsyon taks sou byen lè moun mouri, li pral aplike pou tout taks ak peryòd, sof si pwokirasyon an gen lis Zafè Taks yo. Pou zafè taks sou byen lè moun mouri, itilize Form ET-14, *Estate Tax Power of Attorney* (ET-14, Pwokirasyon pou Byen lè moun mouri).

Kontribiyab la oswa yon moun ki otorize aji onon kontribiyab la dwe siyen epi mete dat sou Fòm POA-1 an. Siyati kontribiyab la ka bezwen rekonèt devan yon notè piblik oswa de (2) moun ki pa gen ankenn enterè ladan dwe temwen.

Lè kontribiyab otorize moun reprezante yo, sa pa retire obligasyon kontribiyab yo genyen pou deklare ak peye taks yo.

Si yon kontribiyab vle pèmèt yon moun resevwa enfòmasyon konfidansyèl konsènan taks ak kominike avèk Depatman an, men li pa vle nonmen moun lan pou aji onon li, kontribiyab la ta dwe tcheke Form DTF-280, *Tax Information Authorization* (Fòm Otorizasyon Enfòmasyon sou Taks). Kontribiyab la ta dwe tcheke E-ZRep Form TR-2000, *Tax Information Access and Transaction Authorization*, (Publication 3007) (Fòm TR-2000 E-ZRep, Otorizasyon pou Aksè nan Enfòmasyon sou Taks ak Tranzaksyon), (Piblikasyon 3007) pou pèmèt yon pwofesyonèl nan taks jwenn aksè ak resevwa enfòmasyon konfidansyèl sou taks, kominike ak Depatman an ak fè sèten tranzaksyon onon kontribiyab la pa lentèmedyè yon kont pwofesyonèl taks nan Sèvis sou Entènèt.